

# TOUAZIÈM PATI

## Lavi nan Kris-la

---

### DÉZIÈM SÉKSION

## Dis kòmandman-yo

---

#### DÉZIÈM CHAPIT

## « Sé pou rinmin prochin-ou tankou pròp tèt-ou »

---

#### ATIK 9

### *Névièm kòmandman-an*

« Ou pap anvi kay prochin-ou ; ou pap mét lidé-ou sou madanm li, ni sèvitè-l, ni sèvant li, ni bèf li, ni bourik li, ni okinn bagay ki pou li » (Ex 20, 17).

« Tout moun ki gadé yon madanm pou-l anvi-l, li déjà fè mové plézi avèk li nan kè li » (Mt 5, 28).

2514            Sin Jan distingé toua espès anbision (convoitise) oubyin mové atirans  
377, 400        (concupiscence) : mové atirans chè-a, avèk mové atirans jé-yo, avèk logèy  
                  lavi-a (cf. 1 Jn 2, 16 [Vulg.]). Daprè tradision katéchèz katolik-la, névièm  
                  kòmandman-an intèdi mové anvi lachè-a ; dizièm-nan intèdi mové anvi  
                  pou byin lòt-la ginyin.

2515            Daprè rasîn koté mo-a soti, « mové anvi »-a (concupiscence) kapab  
405            indiké tout fòm anbision dézi moun kapab ginyin. Téoloji krétièn-nan ba-l  
                  signifikasyon patikilié sa-a : mouvman apéti sansib-la k-ap kontrarié  
                  travay rézon moun-an. Sin Pòl konparé-l ak rébélion « chè »-a ap minnin  
                  kont « éspri »-a (cf. Ga 5, 16. 17. 24 ; Ep 2, 3). Li vîn soti nan  
                  dézobéyisans premié péché-a (Gn 3, 11). Li dérégulé [troublé] puisans  
                  [fakilté] moral moun-nan épi, san-l pa yon fot nan li-minm, li bay moun-  
                  nan panchan pou fè péché-yo (cf. Cc. Trente : DS 1515).

2516 Paské moun-nan sé *yon réalité ki konpozé, yon éspri épi yon kò*, li déja  
 362 gin yon tansion nan li, gin yon tandans goumin ant « éspri »-a ak « chè »-  
 407 a. Min, an réalité, konba sa-a fè pati éritaj péché-a, li sé konsékans-li épi  
 konfirmasion-l an minm tan. Li fè pati ékspérians konba spirituèl-la n-ap fè  
 chak jou-a :

« Sa sètin, Apot-la pap méprizé ni kondané kò-a, ki fòmé nati mouin-nan  
 ansanm ak nanm spirituèl-la épi ki karaktérisé-l kòm sijè pèsonèl ; min  
 okontrè li vlé palé osijè zèv-yo [sa yo fè-yo] oubyin pi byin toujou osijè  
 dispozision stab-yo – vèrtu ak vis – ki *bon oubyin mové* moralman, ki frui  
*obéyans-la* (nan premié ka-a) oubyin *rézistans-la* (nan dézièm ka-a)  
*parapò a aksion Éspri-Sin-an k-ap sové nou-an*. Sé poutèt sa Apot la ékri :  
 « Si sé Éspri-a k-ap fè nou viv, sé dapré Éspri-a tou pou nou maché » (Ga 5,  
 25) (Jean-Paul II, DeV 55).

## I. Pròpté (purifikasion) kè-a

2517 Kè-a sé sièj santral pèsonalité moral-la : « Réyéman sé nan kè-a mové  
 368 kalkil soti, krim, adiltè, fònikasion, volè, fo-témouagnaj, blasfèm » (Mt  
 1809 15, 19). Konba kont mové tandans (concupiscence) chè-a inpliké pròpté  
 kè-a épi pratiké tanpérans-la :

« Sé pou-ou kinbé sinplisité-a épi sé pou-ou inosan, konsa ou-a vîn tankou  
 timoun-yo ki pa konnin méchansté-a k-ap détrui lavi moun-nan » (Hermas,  
 mand. 2, 1).

2518 Sizièm “béatitude”-la proklamé : « Ala kontantman pou moun ki gin  
 kè yo nèt yo, paské y-ap ouè Bondié » (Mt 5, 8). « Kè ki nèt-yo » (cœurs  
 purs) dézigné moun ki konfòmé intèlijans yo ak volonté yo dapré égzijans  
 Bondié ki sin-an, sitou nan toua domèn : nan charité-a (cf. 1 Tm 4, 3-9 ; 2  
 Tm 2, 22), nan vi séksuèl byin réglé-a (chasteté ou rectitude sexuelle) (cf.  
 1 Th 4, 7 ; Col 3, 5 ; Ep 4, 19), nan amou pou vérité-a ak nan douati  
 94 lafoua-a (cf. Tt 1, 15 ; 1 Tm 1, 3-4 ; 2 Tm 2, 23-26). Gin yon rapò ant  
 pròpté kè-a, kò-a ak lafoua-a :

158 Fidèl-yo doué kouè atik Déklarasion lafoua-a (Symbole), « pou antan yo  
 kouè, yo obéyi Bondié, antan yo obéyi yo viv douat, antan yo viv douat yo  
 pròpté kè-a, antan yo pròp nan kè-a yo konprann sa yo kouè-a » (S.  
 Augustin, fid. et symb. 10, 25 : PL 40, 196).

2519 Yo promèt « moun ki gin kè-yo pròp » y-ap ouè Bondié fas a fas épi y-  
 2548 ap sanblé avèk li (cf. 1 Co 13, 12 ; 1 Jn 3, 2). Kè pròp-la sé kondision ki  
 2819 vîn anvan vizion-an. Dépi kounié-a kè pròp-la pèmèt nou ouè *dapré*  
 Bondié, pou nou résévoua lòt-yo tankou « prochin » ; sa pèmèt nou  
 2501 konsidéré kò moun-nan, ni kò-nou ni kò prochin-an, kòm tanp Éspri-Sin-  
 an, maniféstasion bèlté Bondié.

## II. Konba pou kinbé kè-a pròp-la

- 2520 Batèm-nan bay moun ki résévoua-l lagras pou-l pròpté sot anba tout  
 1264 péché-l yo. Min moun ki batizé-a doué kontinué batay kont mové tandans  
 chè-a ak dézi (anbision) ki déréglé-yo. Ak lagras Bondié li rivé fè sa :
- 1337 – gras a *vèrtu épi don* li résévoua pou-l *viv yon séksualité byin réglé*  
 (chasteté), paské viv byin réglé nan kò-l (chasteté) pèmèt li rinmin ak yon  
 kè ki douat san divizion ;
- 1752 – gras a *intansion ki douat-la (pureté d'intention)* ki vlé rivé nan véritab  
 finalité moun-nan : ak yon kè ki sinp, moun ki batizé-a fè éfò pou-l rivé  
 dékouvri épi akonpli volonté Bondié nan tout bagay (cf. Rm 12, 2 ; Col 1,  
 10).
- 1762 – gras a *fason jé-yo gadé ki pròp-la (pureté du regard)*, sou déyò ak sou  
 anndan ; antan li disiplîné sink sans-yo ak imajinasion-an ; antan li réfizé  
 tout fòm soumision bay pansé ki pa pròp k-ap pousé-l viré do bay chémin  
 kòmandman Bondié-a : « Moun ki san konprann nan, lè-l gadé, li santi  
 mové tandans-la » (Sg 15, 5).
- 2846 – gras a *priyè-a* :
- « Mouin té pansé kontinans-la té sou kont pròp fòs mouin-yo, fòs mouin pa-t  
 konsian mouin té ginyin, sé lè-m té tèlman sòt pou-m pa-t konnin [...]  
 pèsonn moun pa kapab viv kontinans-la sé sé pa Ou minm ki bay sa.  
 Sètènman ou t-ap bay li, si-m té frapé zòrèy Ou-yo ak jémisman anndan-m  
 épi si ak yon lafoua solid mouin té lagé tèt chajé-m nan sou Ou » (S.  
 Augustin, conf. 6, 11, 20).
- 2521 Kè pròp-la mandé yon *konpòtman rézèvé (pudeur)*. Sa fè pati  
 tanpérans-la. Rézèv-la (pudeur) présèvé intimité moun-nan. Li indiké  
 réfizé yo réfizé dévoualé sa-k doué rété kaché. Li maché ak vi séksuèl  
 byin réglé-a épi sé prèv prudans-li tou. Li dirijé fason jé-yo gadé ak jès k-  
 ap fèt an konfòmité ak dignité épi kominion moun-yo.
- 2522 Konpòtman rézèvé-a (pudeur) protéjé mistè chak moun ak rinmin yo  
 2492 ginyin-an. Li invité pou gin pasians ak modérasion nan relasion rinmin-  
 an ; li mandé pou yo kinbé kondision don-an ak obligasion définitif  
 gason-an ak fi-a youn gin pou lòt. Konpòtman rézèvé-a (pudeur) sé  
 modésti. Li indiké ki mòd rad pou yo chouazi. Li kinbé silans oubyin  
 prudans koté gin danjé kiriozité malsèn k-ap parèt. Li gin diskresion.
- 2523 Gin yon rézèv (pudeur) ni pou santiman ni pou kò-a. Li révòlté  
 2354 parégzanp kont égzibision kò moun-nan, jan yo montré-l nan kèk piblisité  
 k-ap ankourajé oubyin kont kèk mouayin kominikasion k-ap chèché antré  
 trò louin nan révéle sékrè intim yo t-a rinmèt bay zanmi. Rézèv-la  
 (pudeur) inspiré yon fason pou viv ki pèmèt rézisté kont invtasion sa-k  
 alamòd jodi-a épi kont présion idéoloji k-ap dominé-yo.

- 2524 Fòm rézè-v-la (pudeur) kapab pran, yo diféran sot nan yon kilti al nan yon lòt. Poutan toupatou sé minm pèsépsion dignité spirituèl spésial moun-nan ki prézan. Li pran nésans lè konsians moun-nan révéyé. Anségné timoun-yo ak jèn-yo pou yo gin rézè-v (pudeur) sé fè yo kòmansé gin respè pou moun-nan kòm moun.
- 2525 Pou krétyin-an kapab viv ak kè pròp-la, sa mandé [pou gin yon purifikasyon] pou *gin yon anbiens sosial ki pròp (purification du climat social)*. Li égzijé mouayin kominikasyon sosial-yo pou yo pran souin respè-a ak diskresyon-an. Kè pròp-la libéré anba “érotism” (éksitasyon apéti séksuèl) y-ap gayé-a, li fè rété kanpé louin spéktaf k-ap ankourajé kiriozité malsèn-nan (voyeurisme) épi imaj ki dékòlté (indésan).
- 2526 Sa yo rélé *konpòtman pinyin lagé-a (permissivité des mœurs)* chita sou yon tronpri nan fason yo pansé libèté moun-nan ; pou libèté-a kapab konstrui, li bézouin pèmèt yo édiké-l anvan dapré laloua moral-la. Yo doué mandé responsab édikasyon-yo pou yo bay jèn-yo fòmasyon ki respékté vérité-a, kalité kè-yo, dignité moral épi spirituèl moun-nan.
- 2527 « San rété, bòn nouvèl Kris-la ap rénouvlé lavi ak kilti moun-nan ki tonbé-a, l-ap konbat épi l-ap rétiré tronpri ak mové bagay ki toujou ap jayi soti nan ménas atirans péché-a. Sé san rété l-ap nétouayé épi rélvé moralité pèp-yo. Sé tankou sou paranndan li fè kalité nanm-yo ak don chak pèp-yo ginyin nan chak épòk donnin frui ak richès ki sot nan Bondié-yo, li rasanblé yo ansanm, li konplété yo épi li rémété yo sou pié nan Kris la » (GS 58, § 4).

### RÉZIMÉ

- 2528 « *Tout moun ki gadé yon madanm pou-l anvil, li déjà fè mové plézi avèk li nan kè li* » (Mt 5, 28).
- 2529 *Névièm kòmandman-an fòsé nou véyé kont konvouatiz (convoitise) oubyin mové anvil (concupiscence) lachè-a.*
- 2530 *Konba kont mové anvil lachè-a inpliké pròpté kè-a épi pratiké tanpérans-la.*
- 2531 *Kè pròp-la ap fè nou ouè Bondié : li ba nou dépi kounié-a pou nou ouè tout bagay dapré Bondié.*
- 2532 *Pou kè-a pròp sa mandé priyé, pratiké vi séksuèl byin réglé-a, intansyon ki douat épi fason jé-yo gadé ki pròp.*
- 2533 *Pou kè-a pròp fòk gin konpòtman rézèvé-a (pudeur) ki pasians, modésti ak diskresyon. Rézè-v-la prézèvé intimité moun-nan.*

[◀Atik  
anvan-an](#)

[Gid jénéral-la](#)

[Atik▶  
apré-a](#)